



# Department of Human Service Programs

*Ellen Semonoff, Assistant City Manager*

City of Cambridge  
51 Inman Street  
Cambridge, MA 02139-1102  
[askdhsp@cambridgema.gov](mailto:askdhsp@cambridgema.gov)

voice: 617-349-6200  
tty: 617-492-0235  
fax: 617-349-6248

Mèsi pou enterè w pou Pwogram Preskolè DHSP Cambridge la! Lè w enskri pitit ou nan yon pwogram preskolè kalite, w ap ede prepare li pou Kindergarten ak plis ankò. Rechèch montre ke timoun ki patisipe nan gwo kalite pwogram preskolè genyen pi bon nivo nan mat, lang, ak konpetans sosyal lè yo antre nan nivo primè.

Tanpri ranpli aplikasyon lotri sou entènèt an nan [www.cambridgema.gov/preschoollottery](http://www.cambridgema.gov/preschoollottery) pandan mwa oktòb la pou antre pitit ou nan Lotri Preskolè a. Aplikasyon enprime ak asistans an pèsòn disponib sou demann. Si sa nesèsè, tanpri kontakte [dhsppreschools@cambridgema.gov](mailto:dhsppreschools@cambridgema.gov) oswa 617- 349- 6254 Li enpòtan pou w ranpli chak ling nan fòm nan yon fason pou nou jwenn mizajou, enfòmasyon egzat epi pou nou ka kontakte w ak rezilta lotri a an desanm.

Anplis aplikasyon sou entènèt la, w ap bezwen bay lòt dokimantasyon pou aplikasyon w lan konplè (yo site dokiman ki nesèsè yo sou lòt paj la). Tarif frè Preskolè DHSP detèmine nan yon echèl ki baze sou salè. Nou pral sèvi ak dokiman yo pou kalkile tarif frè yo ak detèmine si yon fanmi kalifye pou yon syèj priyorite nan youn nan sal klas nou yo.

Nan Pwogram Depatman Sèvis Moun nan, n ap fè anpil efò pou rann pwogram nou yo aksesib pou tout fanmi Cambridge. Nou aksepte kupon epi nou ofri asistans frè eskolè pou fanmi ki kalifye yo. Nan pake sa a w ap jwenn tarif frè aktyèl nou yo. Nenpòt fanmi ki genyen salè li a 100% HUD nan salè zòn medyan (\$108,750) oswa pi ba pral kalifye kèlke asistans frè lekòl. Montan asistans frè lekòl pral baze sou salè fanmi brit, gwo fanmi, ak difikile pèsònèl. Se kwayans nou ke resous fanmi yo pa ta dwe anpeche timoun Cambridge yo resevwa yon edikasyon preskolè kalite.

Nan aplikasyon ki sou entènèt yo, yo pral mande w pou w chwazi kantite lekòl preskolè pou pitit ou jan w vle. Ou pral klase chwa w yo selon preferans ou. Tanpri chwazi sèlman pwogram ke w t ap enskri pitit ou lè yo enfòmè w ke gen yon plas disponib. Nou genyen 7 pwogram preskolè atravè Vil la epi yo tout se gwo kalite. Pwogram nou yo te resevwa gwo kalite evalyasyon atravè eta a epi te akredite nan NAEYC (National Association for the Education of Young Children (Asosyasyon Nasyonal pou Edikasyon Jèn Timoun)).

Si w genyen nenpòt kesyon sou lotri oswa preskolè nou yo, tanpri kontakte nou nan [dhsppreschools@cambridgema.gov](mailto:dhsppreschools@cambridgema.gov) oswa 617- 349- 6200. Si w bezwen asistans nan lang ou an ak pwosesis aplikasyon lotri a, tanpri kontakte Sant pou Fanmi yo nan 617- 349- 6385. Epi, mèsi pou enterè w nan pwogram preskolè yo. N ap tann ak enpasyans pou travay avèk ou ansanm ak fanmi w.

Ak tout kè nou,

Meghan M. White, Chèf Divizyon  
Sipò Swen Timoun ak Fanmi



# Vil Cambridge DHSP Pwosesis Aplikasyon Lotri Preskolè

## 1. Aplike sou entènèt 1<sup>er</sup> oktòb 2021 - 31 oktòb 2021

Kote pou w aplike

Aplike sou entènèt sou [www.cambridgema.gov/preschoollottery](http://www.cambridgema.gov/preschoollottery)

Aplikasyon enprime ak asistans an pèsòn disponib sou demann.

Si sa nesèsè, tanpri kontakte [dhsppreschools@cambridgema.gov](mailto:dhsppreschools@cambridgema.gov) oswa 617-349-6254

## 2. Ou dwe bay dokiman ki annapre yo pou w patisipe nan Lotri Preskolè DHSP a:

Tip dokiman	Egzanp dokiman
<b>Aplikasyon lotri sou entènèt</b>	<ul style="list-style-type: none"><li>• Aplikasyon Lotri DHSP</li></ul>
<b>Prèv Salè ak Gwosè Fanmi</b> (Fanmi ki gen Salè Brit Familyal ki plis pase \$217 501 pa bezwen pwouve salè yo paske yo pral peye pi gwo frè ekolaj la.)	<ul style="list-style-type: none"><li>• Deklarasyon enpo <b>AK</b></li><li>• 4 souch chèk youn apre lòt (oswa dènye 30 jou yo) <b>OSWA</b></li><li>• Lèt notifikasyon pou nenpòt avantaj w ap resevwa (TANF, SSL, WIC, elatriye.)</li></ul>
<b>Prèv Laj Timoun nan</b> (Dat nesans ant 1/4/18 - 1/12/19)	<ul style="list-style-type: none"><li>• Sètifika nesans <b>OSWA</b></li><li>• Paspò timoun nan</li></ul>
<b>Prèv Adrès*</b>	<p><b>Youn</b> nan sa ki annapre yo:</p> <ul style="list-style-type: none"><li>• Kontra lokasyon</li><li>• Ipotèk</li><li>• Lèt founisè lojman an</li><li>• Fakti depans piblik nan entèval dènye 2 mwa yo <b>OSWA</b></li><li>• Fòm Double</li></ul>

\* Anplwaye Vil Cambridge ak Cambridge Public School ki pa rezidan Cambridge bezwen bay prèv y ap travay chak ane. Y ap re-evalye kapasite pou anplwaye Vil Cambridge ak Cambridge Public Schools ki pa rezidan Cambridge pou antre nan lotri a chak ane.

## 3. Y ap enfòmè fanmi yo sou rezilta lotri a rive desanm 2021.

## 4. Si yo ofri w yon plas, ou dwe aksepte oswa refize plas la rive 31 janvyè 2021.

## 5. Nenpòt fanmi yo p at ofri yon plas nan preskolè nou yo pral sou yon lis atant ki pral rete anplas rive oktòb 2022. Si w toujou enterese nan Preskolè DHSP a pou pwochen ane akademik la, fanmi yo ap bezwen ranpli pwosesis aplikasyon an yon fwa ankò pou Lotri Preskolè oktòb 2022 an.



**Vil Cambridge**  
**Gadri ak Sipò Fanmi DHSP**  
**Frè Eskolè Preskolè**  
**Efektif: 1ye septanm 2022 – 31 out 2023**

Nan Pwogram Depatman Sèvis Moun nan, n ap fè anpil efò pou rann pwogram nou yo aksesib pou tout fanmi Cambridge. Se kwayans nou ke resous fanmi yo pa ta dwe anpeche timoun Cambridge yo resevwa yon edikasyon preskolè ak apre lekòl kalite. Tout fanmi yo gen obligasyon pwouve salè yo pou kalifye pou nenpòt tarif ki pi ba pase pi gwo salè nou yo.

**Cambridge genyen 7 Preskolè A Plen Tan (Haggerty, Kennedy Longfellow, King Open, M.L. King, Morse, ak Windsor) atravè vil la ki fonksyone 10 èdetan pa jou.**

Salè Brit Fanmi	Apwoksimasyon Frè Lekòl Pa Jou*	Frè Lekòl Pa Mwa
\$217,501 – pi wo	83,65\$*	1 812,50 \$
\$163,126- \$217,500	66,92\$*	1 450,00 \$
130 501\$-163 125\$	50,19\$*	1 087,50 \$
\$108,751 – \$130,500	40,15\$*	870,00 \$
0\$-108 750\$	Baz frè lekòl pa jou a se \$40.15 Tout fanmi ki genyen yon Salè Brit ant \$0 - \$108,750 pral kalifye pou asistans frè eskolè. Montan asistans frè lekòl pral baze sou salè brit fanmi an, gwo salè fanmi, ak difikile pèsònèl. Tanpri kontakte nou pou plis enfòmasyon sou frè bous endividyèl yo.	

\*Yo chaje frè lekòl yo sou baz tarif pa mwa yo. Frè pa jou a kalkile sou baz ke genyen yon mwayèn 22 jou faktirab pa mwa.